



Pou Piblikasyon Imedya: 08/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO FELISITE FAKILTE MEDIKAL REJYON NÒ SUNY AN KI
KLASE #1 NAN FDA KÒM TÈS SALIV COVID-19 POU DETEKTE VIRIS NAN
PREMYE ETAP LI YO**

***Kit tès Clarifi COVID-19 Fakilte Medikal Rejyon Nò a ak Quadrant Biosciences fè
pati tès ki pi sansib klase # 6 atravè lemond nan detekte COVID***

***Kolaborasyon Fakilte Rejyon Nò a/Quadrant, ki dirije pa Doktè Frank Middleton, te
ede kanpis SUNY yo idantifye ka yo pandan tout semès la avèk yon pwogram tès
ki bon mache epi ki fasil pou itilize***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te felisite Fakilte Medikal Rejyon Nò SUNY (SUNY Upstate Medical) pou tès saliv COVID-19 li a ki klase nimewo en pa Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (U.S. Food and Drug Administration, FDA) an paske li detekte viris la nan premye etap yo. Tès la ki devlope pa Fakilte Medikal Rejyon Nò ak Jèn konpayi Quadrant Biosciences New York, ki rele Clarifi COVID-19, ki te site tou pa FDA a kòm tès ki pi sansib pami tès yo kèlkeswa kalite yo, klase 6è atravè lemond nan detekte viris la. Tès la bon mache epi li fasil pou itilize, sa ke Gouvènè Cuomo kwè ki ede kanpis SUNY yo idantifye ka yo nan premye etap viris la.

"Ekspè medikal New York yo san parèy epi depi nan kòmansman pandemi sa a, nou te repoze sou gwo konesans ak ekspètiz yo a pou gide entèvansyon nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Devlopman ak ekspètiz enpòtan sa a deja jwe yon wòl enpòtan nan asire ke yo te teste etidyan SUNY yo avèk efikasite epi, si yo pozitif, izole yo epi mete yo sou yon chemen pou yon rekiperasyon pi bonè. Nan non fanmi New York, mwen remèsye Fakilte Medikal Rejyon Nò SUNY an, Quadrant Biosciences ak Doktè Frank Middleton pou dilijans yo ak angajman san fay yo pou konbat kont ènmi envizib sa a."

FDA a revize tès COVID-19 yo sou baz efikasite pou jwenn tras SARS-CoV-2 ki pi piti yo, ki se viris ki lakòz COVID-19 la. Tès COVID-19 Clarifi Fakilte Medikal Rejyon Nò a ak Quadrant Biosciences fè pati kategori tès saliv e li gen pi bon (pi ba) Limit Deteksyon (Limit of Detection, LoD) nan 600 kopi viris la pou chak mililit. Tès ki gen pi ba LoD yo pi byen kapab detekte enfeksyon nan premye etap yo lè moun ka enfekte, men li pa gen sentòm. Tès Clarifi COVID-19 la fè pati sa yo ki pi sansib nan nenpòt kategori—sèlman senk lòt ki plis sansib konsa kounye a.

Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te deklare, "Tès saliv Fakilte Medikal Rejyon Nò a ak Quadrant Biosciences la enpòtan pou SUNY—pa sèlman li rapid epi li fasil pou yo itilize li ak rezilta nan 48 èdtan, men tou, tès la li menm li detekte viris la nan premye etap yo nan maladi a, pou nou ka konnen ki moun ki pozitif pi vit epi asire yo izole yo ak lòt moun. Pandan ke 2020 se sètènman yon ane esèy, li te raple nou tou ekspètiz enpòtan nou genyen nan sistèm edikasyon siperyè piblik nou an pou ofri yon edikasyon ekselan, ansanm ak ofri solisyon ak pwoblèm ki pi konplèks ke sosyete nou an ap fè fas. Mwen felisite Fakilte Medikal Rejyon Nò a, an patikilye Doktè Dewan ak chèchè prensipal Doktè Frank Middleton, ak Rich Uhlig ak ekip li a nan Quadrant Biosciences".

Prezidan Fakilte Medikal Rejyon Nò a, Mantosh Dewan, te deklare, "Rapò resan FDA a ki montre tès saliv Clarifi COVID-19 Inivèsite Medikal Rejyon Nò SUNY an ak Quadrant Biosciences (Tès COVID-19 Clarifi Quadrant Biosciences) kòm tès saliv ki klase an tèt, ak yon to sansiblite ki se youn nan pi bon to nan mond lan pou deteksyon COVID se yon akonplisman remakab. Travay nou sou tès enpòtan sa a ki ka sove lavi avèk Quadrant Biosciences—Jèn patnè biznis New York nou an—se yon andòsman k ap klewonnen ekselans ki ka soti nan patenarya avèk endistri ak inivèsite piblik".

Prezidan Egzekitif Jeneral Quadrant Biosciences la, Richard Uhlig, te deklare, " Deplizanpli, kominote medikal la rekonèt ke tès yo ki gen pi bon sansiblite yo enpòtan pou limite pwopagasyon SARS-CoV-2 a. FDA te pibliye dènyèman rezilta yo ki soti nan analiz san patipri yo a nan tout tès FDA otorize yo - nou kontan wè tès Clarifi COVID-19 la nan lis kòm tès saliv #1 ak epi pami tès yo ki pi sansib ki disponib nenpòt kote nan mond lan".

Yo te itilize tès Clarifi COVID-19 Fakilte Medikal Rejyon Nò a ak Quadrant Biosciences la pandan tout semès otòn lan nan kanpis SUNY an pou tès regilye, obligatwa pou etidyan yo, pwofesè yo, ak anplwaye yo. Jiska prezan, SUNY deja reyalize 580,805 tès otòn sa avèk yon to pozitif 0.52 pousan. Fakilte Medikal Rejyon Nò a gen kapasite kounye a pou fè 200,000 tès chak semèn. SUNY, Fakilte Medikal Rejyon Nò a, ak Ayewopò Entènasyonal Albany (Albany International Airport) [te anonse](#) dènyèman yon patenarya pou teste anplwaye ayewopò yo k ap kòmanse vandredi 11 desanm, ak pasaje yo pita nan mwa sa.

Konsènan tès siveyans kolektif Fakilte Medikal Rejyon Nò SUNY an

SUNY te kapab fè plis pase 200,000 tès chak semès gras a yon seri gwo pwogrè nan Fakilte Medikal Rejyon Nò SUNY an. Alafwa Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York ak FDA te bay apwobasyon pou yon tès prelevman saliv endividyèl ki devlope pa Fakilte Medikal Rejyon Nò a ak Quadrant Biosciences. Nan konbine tès prelevman saliv endividyèl ekstraòdinè sa a ak pwotokòl tès kolektif Fakilte Medikal Rejyon Nò a ki apwouve pa eta a.

Ni tès endividyèl ak tès kolektif ki devlope pa Fakilte Medikal Rejyon Nò a ak Quadrant yo kapab fèt lè yo itilize aplikatè pou prelevman saliv olye yo ensere aplikatè yo nan nen yon moun.

Moun ap pran tès yo pou kont yo nan pase aplikatè nan bouch yo ak nan bay echantiyon saliv yo, bay Fakilte Medikal Rejyon Nò a. Echantiyon yo konbine an yon sèl, ke yo teste pou viris COVID 19 la.

Yon tès negatif vle di ke tout 10-25 moun ki nan gwoup la yo sipoze nan moman an yo pa gen kowonaviris.

Yon tès pozitif pou gwoup la ta vle di chak echantiyon saliv endividyèl nan gwoup la tap bezwen teste ankò yon fason endividyèl pou idantifye ka pozitif egzak yo. Re-tès rapid la pa egzije moun ki nan gwoup pozitif la pou yo retounen soumèt konplètman yon nouvo echantiyon. Sa akselere anpil pwosesis la epi li etann kapasite tès la.

Enfòmasyon sou State University of New York

State University of New York se pi gwo sistèm konplè nan edikasyon siperyè nan Etazini epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 kolèj oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm lan, SUNY genyen kat sant sante akademik, senk lopital, kat fakilte medikal, de (2) fakilte dantè, inivèsite optometri Eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory) an. Nan otòn 2019, te gen plis pase 415,500 etidyan ki te enskri nan yon pwogram diplòm nan yon kanpis SUNY. An total, SUNY sèvi anviwon 1.3 milyon etidyan nan kou ak pwogram ki ofri kredi, edikasyon kontini ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY sipèvize prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Tout sistèm depans pou rechèch yo te depase 1.7 milya dola nan ane fiskal 2019 la, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsité se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite www.suny.edu.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)